



Misyon Nou

Projè Vòl Salè nan Sosyete Èd Legal sèvi tout victim Vòl Salè nan Rejyon Palm Beach. Objektif nou se pou bay bon kalite sèvis legal ki gratis pou tout anplwaye ki sipose re-sevwa salè nan men anplwayè yo, poutèt yo pa peye nou kòb yo dwe nou, oswa poutèt yo pa peye nou ase.




Sosyete Èd Legal
nan
Rejyon Palm Beach, Inc.

Pwojè Èd Legal pou Vol Salè

Orè Biwo
Lendi—Vadredi
9:00 a.m. - 5:00 p.m.
Aswè sou randevou.
Voice Mail disponib 24/7,
Jou fèt yo ladanl,
ak enstriksyon
an Anglè e Espayòl.

*Telefòn aksè direk pou Vol Salè:
(561) 655-8944 ekst. 358*

Sosyete Èd Legal
nan
Rejyon Palm Beach, Inc.



Pwoje Èd Legal pou Vol Salè

*423 Fern Street, Ste 200
West Palm Beach, FL 33401
Rele: (561) 655-8944
ekst. 358*

Vol Salè

Ki sa Vol Salè ye?

“Vol Salè” vle di pa peye salè ou mal peye salè. Kouman yo vole salè:

- Anplwaye yo pa resevwa salè minimòm yo mande a ou salè pou tan siplemantè yo
- Anplwaye yo pa resevwa yon dènye chèk
- Anplwaye yo pa resevwa peman pou tan yo te travay
- Anplwayè yofè ekspre klasifye anplwaye yo kòm kontraktè endepandan poutèt pou yo pa peye salè minimòm ak tan siplemantè
- Anplwayè yo fè dediksyon illicit nan chèk yon anplwaye a

Tout travayè gen dwa legal sou salè yo te touche

Konfòmman ak Palm Beach Rezolisyon R-2012-1857, Sosyete Èd Legal ap travay pou rezoud konfli salè ant anplwaye ak anplwayè nan rejyon Palm Beach. Nou ap travay avèk Depatman Travay pou adrese ka flagran nan vòl salè e avèk Biwo Komisè Gouvènman nan Konte Palm Beach la pou adrese ka ki gen entimidasyon ak menas kont travayè kap fè reklamasyon yo.

Èske ou gen yon diskisyon salè?

Diskisyon Salè tipikman rive nan relasyon travay kote anplwaye yo peye èdtan, pa salè chak jou oswa chak semèn oswa pa pwojè. Nou jwen sa anpil nan sèvis endistri ki peye ti kraze kòb yo ki konsidere kòm zo do ekonomi Sid Florid la. Lè anplwayè yo jwenn lwen ak vòl salè, li kreye yon avantaj malonèt sou konpetitè onèt ak negatif enpak sou travay estanda pou tout anplwaye nan kominote a.

Sèvis yo ke Pwojè Sosyete Èd Legal pou Vol Salè Bay

Sèlman rele (561) 655-8944 ekst. 358 si w se yon anplwaye ki te viktim vol salè. Yap ba w yon lè randevou pou fè rapò a, kote nap jwen enfòmasyon nesesè pou detèmine si w te viktim de vol salè, e konyen yo dwe w. Enfòmasyon kap vin la yo ap yon bon gid pou ede nou rapouswiv reklamasyon w lan pou salè yo pa peye w ou mal peye w yo:

- Non ou, adrès ou, ak nimewo telefòn
- Non plas travay kote ou te travay
- Lokasyon travay la, ak ki kote ou te fè travay la
- Telefòn anplwaye an
- Supèvisè, Manager ou non Pwopriyetè a
- Jan de travay ou te fè
- Kijan ak kilè yo te peye w
- Konbyen lajan yo dwe w
- Nenpòt enfòmasyon anplis ke w ka bay tankou kopi resi chèk yo, dosye pèsònèl de lè yo ou te travay, ou lòt enfòmasyon sou jan bòs travay ou abitye peye w ap itil.

Tout sèvis Sosyete Èd Legal yo gratis e konfidansyèl. Tanpri rele pou nou ka detèmine si ou elijib pou sèvis nou yo. Nou ede tout anplwaye Rejyon Palm Beach la, kèlkeswa kondisyon imigrasyon.

Nan ka yo kote Sosyete Èd Legal pa kapab ede w direkteman, yap fè tout efò pou refere w a ajans apwopriye a, òganizasyon ou avoka prive pou ede w nan reklamasyon salè w la.

Kesyon yo poze souvan yo

Pandan yon bon bout tan mwen pa te travay pou bòs sa. Konbyen tan m genyen pou ranpli pou yon konplent?

FLSA genyen jiska de (2) zan tan limit dapre la lwa (twa zan pou vyolasyon ekspre yo) e règleman leta an gen yon lwa katran tan limit (senk ane pou vyolasyon volontè). Nenpòt ki pati nan reklamasyon an ki sot pase limit règleman an pral irekouvabl. Se poutèt sa, si yo poko peye'w ou mal peye'w, kontakte Sosyete Èd Legal pi vit ke posib.

Èske sèvis disponib nan lòt lang pase anglè?

Si ou bezwen sèvis entèpretasyon, nou ankouraje moun kap fè reklamasyon yo rele pou nou kapab pran yon entèprèt ki pale Kreyòl ede ak tradiksyon. Nou genyen tou disponib yon sèvis entèprèt pou lang ki ka ede w ak tradiksyon nan 200 lòt lang. Si ou gen lòt akomodasyon rezonab ki gen obligasyon, tanpri rele 561.822.9768.

Zanmi mwen pa gen sityasyon legal, èske li ka toujou pote yon reklamasyon?

Pwojè Èd Legal pou Vol Salè pral reprezante nenpòt anplwaye ki elijib nan rejyon Palm Beach kèlkeswa kondisyon imigrasyon.

Pou kontakte Pwojè Èd Legal pou Vol Salè

Lendi a Vandredi
9:00 a.m. – 5:00 p.m.
Aswè sou randevou

Voice Mail disponib 24/7, jou fèt yo ladanl, ak enstriksyon an Anglè e Espayòl.

Telefòn aksè direk pou Vol Salè:
(561) 655-8944 ekst. 358